



Pou Piblikasyon Imedya: 04/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU ENPAK TANPÈT IVÈNAL
NAN TOUT ETA A AK REPONS AJANS ETA A**

***Tanpèt ivènal afekte pifò Eta a ak gwo nèj, grezil ak lapli glase; gen 52,004 kliyan
san elektrisite***

Yo aplike konsèy ak restriksyon sou vwayaj atravè otowout Eta yo

***Zòn ki nan pati Nò Mid-Hudson ak nan pati Sid Distri Kapital la te resevwa jiska
mwatye pous glas ki soti nan grezil, lapli glase ak melanj nèj lannwit lan***

***Jiska yon pye nèj oswa plis nan kote ki nan Rejyon Lwès New York, Finger Lakes,
New York Santral, Mohawk Valley, ak North Country***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te bay Nouyòkè yo yon mizajou sou enpak tanpèt ivènal la nan tout eta a ak efò repons ajans eta yo pandan yon sistèm tanpèt ap kontinye fè enpak sou pifò pati nan eta a ak gwo nèj, grezil ak lapli glase, sa ki te koupe elektrisite pou plis pase 52,000 kliyan. Zòn ki nan nò Mid-Hudson ak nan sid Rejyon Distri Kapital yo te resevwa jiska yon demi pous grezil ak lapli glase lannwit lan, ansanm ak yon melanj nèj. Rejyon Lwès New York, Finger Lakes, New York Santral, Mohawk Valley, ak North Country te resevwa jiska yon pye nèj oswa plis ak plizyè pous nèj adisyonèl yo prevwa apremidi a. Padan ke zòn nò eta yo te wè lapli sitou, yo prevwa lapli glase ap gen enpak sou rejyon sid Mid-Hudson, Vil New York ak Long Island apati maten an e ap kontinye jiska vwayaj aswè a.

"Nouyòkè yo ap reveye maten an nan anpil nèj oswa yon melanj grezil ak lapli glase dezòdone ki te deja fè vwayaj vin periye epi ki te fè jete branch pye bwa ak liy elektrik yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete vijilan epi evite tout vwayaj, sitou nan zòn kote melanj grezil ak lapli glase ap fè wout yo trè danjere. Nou pral kontinye siveye kondisyon yo, deplwaye resous jan sa nesèsè epi bay gouvènman lokal sipò si sa nesèsè."

An kowòdinasyon avèk Lapolis ak Otorite Thruway Eta New York, Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) a te aplike yon limit vitès konsiltatif 72 km alè ak yon restriksyon "liy dwat sèlman" pou kamyon komèsyal yo sou tout oswa nan kèk pati nan koridò sa yo: I-84 soti nan liy eta Connecticut ak Pennsylvania yo; Route 17, lès

nan Binghamton; I-88; ak I-81 nan sid Syracuse. Rediksyon vitès yo anvigè tou pou anpil zòn nan sistèm Thruway la.

Gouvènè Hochul te ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran plis prekosyon, limite vwayaj, epi tcheke vwazen ak zanmi yo pou asire sekirite yo.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare, "Nou wè yon melanj grezil, lapli glase ak nèj ki fè li difisil pou vwayaje e sitou difisil pou deglase. Nouyòkè yo ta dwe pran poz souvan si yo retire nèj ak glas jodi a epi pran plis prekosyon si y ap vwayaje. Ale dousman, bay tèt ou plis tan pou w rive nan destinasyon w, epi rete vijilan pou kondisyon wout yo k ap chanje ak chasnèj k ap travay pou netwaye wout yo."

Sistèm metewolojik la pral kontinye pouse atravè eta a apremidi a, epi nan zòn sid ak lès Rejyon Kapital la prevwa resevwa yon melanj grezil ak lapli glase ivènal. Rejyon Lwès New York, Finger Lakes, New York Santral, North Country, ak kèk pati nan Mohawk Valley prevwa resevwa plizyè pous nèj. Nan tout rejyon sid eta yo, yo prevwa lapli ta dwe chanje an yon melanj nèj, nèj ak lapli glase ivènal nan apremidi anvan yo diminye nan aswè a. Kondisyon vwayaj ki danjere epi ki gen glas gen anpil chans pou fè enpak sou vwayaj aswè a pou anpil pati nan rejyon sid Mid-Hudson, Vil New York ak Long Island aswè a.

Nèj konstan pral fini atravè eta a nan fen vandredi apremidi, avèk kèk efè lak nan Rejyon Lwès New York ak North Country jiska aswè a ak rafal van ki rive jiska 48 km alè pafwa ki lakòz poudri ak nèj k ap soufle sou rivaj Lak Erie ak Lak Ontario yo. Zòn sa yo pral wè tou retou kondisyon ki ekstrèmman frèt ak van frèt ki ba pase zewo degre jodi a jiska wikenn sa a.

Sèvis Meteyo Nasyonal (National Weather Service) la te pibliye plizyè avètisman ak siveyans metewolojik ki rete an vigè jiska aswè a pou kote yo atravè eta a. Pou ou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt meteyowolojik yo nan zòn ou an, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Meteyowolojik Nasyonal la.

Preparasyon Ajans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)

Sant Operasyon Ijans Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York la aktive epi l ap kontwòle tan ak kondisyon vwayaj yo depre, kowòdone operasyon entèkansyon ajans Eta a yo, epi kominike ak gouvènman lokal yo pandan evènman an. Estòk Eta a prepare pou deplwaye resous nan lokalite yo pou sipòte nenpòt bezwen ki gen rapò ak tanpèt la, sa gen ladan ponp, twonsonez, sak sab, jeneratris, bèso, lenn ak dlo nan boutèy.

Depatman Transpò (Department of Transportation)

Depatman Transpò Eta a ap reponn avèk resous sa yo:

- 1,748 gwo kamyon chasnèj pwa lou ak pwa mwayen
- 328 gwo chajè
- 51 remòk chasnèj
- 39 aparèy pou soufle nèj
- 23 kamyonèt ki gen chari
- 18 aparèy pou fè nivèlman

Yo pral deplwaye vennsèt pèsonèl nan lòt rejyon yo konsa:

- Rejyon Kapital la ap resevwa 7 operatè chasnèj ak 2 enstriktè operatè ekipman.
- NY Santral ap resevwa 8 operatè chasnèj ak 1 sipèvizè.
- Southern Tier ap resevwa 8 operatè chasnèj ak 1 sipèvizè.

Senkansis jeneratè te deplwaye nan zòn yo prevwa ki ka resevwa lapli glase epi yo pare davans pou reponn ak nenpòt move siyal.

Venteyen ekip siyè nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal ak Pak yo pare epi an sèvis pou ede nan operasyon eliminasyon pyebwa DOT yo.

Yo ap itilize sèvis remokaj nan kote ki annapre la yo: US 20 (Madison), I-81 (Onondaga), US 20 (Onondaga), I-390 (Steuben), I-86 (Chemung), I-84 (Orange), I-684 (Putnam), I-81 (Broome), I-88 (Broome), NY 17 (Broome), ak NY 17 (Sullivan). Nou pral reyevalye bezwen pou plis sèvis remokaj a mezi evènman an ap dewoule.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

Otorite Thruway

Otorite Twotwa la angaje nan operasyon kont nèj ak glas yo ak 677 operatè ak sipèvizè ki disponib nan out eta a, ansanm ak resous annapre yo

- 356 kamyon chasnèj pwa lou ak pwa mwayen
- 11 remòk chasnèj
- 68 gwo chajè
- Plis pase 119,000 tòn sèl disponib

Yo deja deplwaye twa kamyon nan Syracuse Division, ki soti nan Thruway's New York Division, pou ede nan entèkansyon an.

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la.

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl [TRANSalert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a [isit la](#).

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation)

Ofisyè Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi y ap siveye sityasyon k ap devlope a epi y ap fè patwouy aktivman nan zòn ak enfrastrikti ki afekte pa move tan an. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan siyè yo, yo pare pou ede ak nenpòt repons ijans.

DEC ap konseye itilizatè nan rejyon sovaj yo pou yo konsyan ak prepare pou kondisyon avalanch akòz tan an ki ka ogmante risk avalanch ou glisad yo oswa teren apik oswa ouvri. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

DEC raple sila yo ki responsab pou netwaye ak jete nèj a gwo echèl pou yo swiv pi bon pratik jesyon yo pou ede redui posibilite pou gen polyan tankou sèl, sab, lwil, fatra oswa lòt debri nan nèj ki afekte kalite dlo a. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alè epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Vizite pak yo dwe tcheke [parks.ny.gov](#) oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Depatman Sèvis Piblik

Tanpèt la ap kontinye afekte rejyon Mid-Hudson ak sidès Distri Kapital eta a, sa ki lakòz nouvo domaj ak blakawout nan rejyon an, espesyalman nan konte Ulster, Dutchess, Columbia ak konte Orange. Central Hudson ak NYSEG ap reponn ak travay ijans 9-1-1 ak fil ki tonbe epi yo angaje yo nan efò restorasyon kote li an sekirite pou fè sa, menm lè tanpèt la kontinye ap pwovoke nouvo blakawout. Central Hudson te garanti 30 kontra FTE adisyonèl ki pral rive nan rejyon an nan fen apremidi a; anplis 125 FTE asistans mityèl ki soti nan sèvis piblik vwazen yo.

Kantite kiyan total ki nan blakawout nan tout eta a se 48,500.

Lapolis Eta New York

Lapolis Eta a pal siveye kondisyon yo deprè epi yo pral prepare pou deplwaye manm Patwouy anplis, jan sa nesèsè. Tout machin katpakat ak veyikil espesyalize Lapolis Eta a yo, ki gen ladan motonèj ak veyikil itilite tout tèren yo, anplas ak prè pou entèkansyon imedyat.

Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ak Canal Corporation

Anplwaye Otorite Enèji New York la ak anplwaye Canal Corporation yo ap fè preparasyon pou asire tout enstalasyon yo, resous yo ak ekipman yo byen sekirize epi ke yo prè. Otorite Enèji a prepare pou sipòte aktivite restorasyon enèji si sa nesèsè.

Otorite Transpò Metwopoliten

Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an ap siveye kondisyon meteyowolojik yo deprè pou asire sèvis san danje, ki fyab. Anplwaye MTA yo pral pare pou pwopaje sèl ak netwaye platfòm ak eskalye glas yo, kenbe siyal, entèripte, twazyèm ray ap fonksyone MTA Bridges and Tunnels ap konseye otomobilis yo pou yo kondui a vitès redwi.

Kliyan yo ankouraje tcheke new.mta.info pou dènye mizajou sou sèvis, ak pou itilize prekosyon pandan y ap navige sistèm lan. Kliyan yo tou ta dwe enskri pou sèvis alèt an tan reyèl yo atravè mesaj tèks oswa imèl. Alèt sa yo disponib tou atravè aplikasyon MTA yo: MYmta, Long Island Rail Road Train Time ak Metro-North Train Time.

Otorite Pòtyè a nan New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey)

Otorite Pòtyè a ap siveye kondisyon meteyowolojik yo. Restriksyon pou vitès yo gendwa an vigè nan pon yo, ansanm ak wout pou ale ak pou sòti nan kafou yo. Yo ap ankouraje pasaje atravè enstalasyon Otorite Pòtyè yo pou kontakte konpayi otobis ak liy ayeryèn yo dirèkteman pou dènye enfòmasyon sou reta ak anilasyon. Pou dènye enfòmasyon yo sou etablisman Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyo yo, enskri pou [Alèt PA](#) yo oswa telechaje youn nan aplikasyon mobil PA yo, ki enkli [RidePATH](#) ki bay mizajou nan tan reyèl ak alèt pou sèvis PATH.

Konsèy sekirite

Deplasman nan sezon ivè

Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè yo se aksidan ki gen rapò ak transpò. Anvan ou chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak nèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen. Planifye arè ou yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon meteyowolojik.

Li enpòtan pou chofè ki sou tout wout yo konnen vitès chasnèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpil fwa sou otowout ant eta yo, chasnèj yo opere kòtakòt, kòm se fason ki pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chasnèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chasnèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chasnèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chasnèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chasnèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan pou woule ansekirite:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa kondui si li pa vrèman nesèsè.
- Pran prekosyon sou pon yo paske li ka fè glas la pi vit pase sou wout yo.
- Fèy mouye ki sou wout yo kapab lakòz atè a glise, sa ki fè li enpòtan pou kondui pi dousman lè wap pwoche kote ki kouvri ak fèy yo.
- Verifye machin ou gen ladan lenn, yon pèl, flach ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Kenbe tank gaz ou plen pou evite gazolin nan friz.
- Si ou gen telefòn selilè oswa yon wòki tòki disponib pou w sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè ou tout lè ou ap vwayaje. Si ou ta vin bloke, ou ap kapab rele pou mande èd, enfòmasyon sekouris yo sou kote ou ye.
- Asire ou ke yon moun konnen plan vwayaj ou.
- Pandan ou ap kondui, kenbe machin yo lwen glas ak nèj.
- Planifye arè yo epi kenbe distans ant machin yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon meteyowolojik.

Koupi kouran

Si moun New York yo ap eksperimante yon entèripsyon kouran, moun New York yo ta dwe:

- Fèmen oswa dekonekte gwo aparèy ansanm ak lòt ekipman yo, sa vle di, òdinatè yo, nan ka yon sichaj elektrik momantane ki kapab andomaje aparèy sa yo. Kite yon limyè limen pou ou konnen lè kouran retounen. Konsidere itilize pwotektè kont wot tansyon tout kote ou itilize ekipman elektwonik.
- Rele konpayi itilite ou la pou ou fè yo konnen pa gen kouran epi koute emisyon radyo lokal ou yo pou enfòmasyon ofisyèl yo. Pou yon lis konpayi itilite yo, vizite Depatman Sèvis Piblik la.
- Tcheke pou w wè si vwazen w yo gen kouran. Voye je sou moun ki gen bezwen aksè ak bezwen fonksyonèl yo.
- Itilize flash sèlman pou ekleraj nan ka ijans – bouji ka lakòz dife.

- Kite pòt frijidè oswa frizè yo fèmen - pifò manje ki mande refrijerasyon yo ka rete nan frijidè an tout sekirite pandan plizyè èdtan. Yon frijidè ki rete fèmen pral kenbe manje yo frèt pandan apeprè kat (4) èdtan. Yon frizè ranpli pral kenbe tanperati l pou apeprè 48 èdtan.
- Pa itilize gri chabon anndan kay epi pa itilize fou gaz pou chofe kay la – yo ka emèt yon kantite monoksid kabòn ki danjere.
- Pandan tan frèt la, rete ocho lè ou mete plizyè kouch rad epi minimize tan ou pase deyò. Fè atansyon a sentòm estrès fredri lakoz yo (tankou ipotèmi) epi chache jwenn swen medikal apwopriye si ou vin gen sentòm sa yo.
- Si ou nan yon bilding ki wo, pran mach eskalye epi ale nan nivo ki pi ba nan bilding lan. Si w bloke nan yon asansè, tann asistans. Pa eseye fòse ouvr pòt yo. Rete pasyan - gen anpil lè anndan asansè a epi li fèt pou sekirite pasaje yo.
- Sonje bay bèt domestik ou yo dlo fre.
- Elimine vwayaj ki pa nesèsè, sitou nan machin. Siyal sikilasyon yo pral sispann fonksyone pandan yon entèripsyon, sa ki ap kreye anbouteyaj ak kondisyon ki danjere pou moun kondui. Si ou dwe kondwi pandan yon blakawout, sonje obeye règ pou kanpe nan entèseksyon ki gen 4 vwa yo ak siyal sikilasyon ki pa fonksyone.
- Sonje ke ekipman tankou ATM ak asansè ka pa fonksyone.

Pou plis konsèy sou sekirite, ale sou sitwèb Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la [isit la](#).

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)